

Chè Paran/Gadyen,

Objektif lèt sa a se pou enfòmasyon w elèv ou a pral pran “Florida Civic Literacy Examination (FCLE)” (Egzamen Edikasyon Sivik Florid la) sou òdinatè nan dat **Madi 5 novanm**. Dapre [Lwa Florid yo](#), elèv k ap pran Kou Gouvènman Etazini yo oblije pran egzamen FCLE a. Elèv ki pase egzamen FCLE a pa bezwen pran Evalyasyon Edikasyon Sivik apre Lekòl Segondè ki obligatwa nan Eta a.

Yo administre egzamen FCLE a nan yon sesyon ki dire 160 minit. Nenpòt elèv ki pa gen tan fini sesyon an nan tan yo ba yo a, ka kontinye travay rive jiska mwatye tan yon jounen lekòl nòmal.

Si oumenm oswa elèv ou a ta renmen vin abitye ak platfòm egzamen an sou òdinatè lakay ou, ou ka jwenn aksè nan pratik FCLE ak repons pou kesyon yo ki disponib nan <https://flfast.org/families.html>.

Tanpri revize règleman sa yo ak elèv ou a anvan li pran la:


- **Aparèy Elektwonik**—Elèv yo pa gen pèmisyon pou yo gen okenn aparèy elektwonik, ki gen ladan, men ki pa limite ak, telefòn pòtab, ‘smartphones’ (telefòn entèlijan), ak ‘smartwatch’ (mont entèlijan), nenpòt ki lè pandan la oswa pandan yon ti pòz (pa egzanp, al nan twalèt), **menmsi aparèy yo etenn oswa elèv yo p ap sèvi ak yo**. Si yo jwenn elèv ou a ak yon aparèy elektwonik, oswa yo jwenn li ap sèvi avèk aparèy ‘Bluetooth’/kas ekoutè san fil pandan egzamen an, y ap anile egzamen li a.
- **Apwobasyon Règleman Egzamen Yo**—Tout egzamen yo genyen yon Apwobasyon Règleman Egzamen ki di: “Mwen konprann règleman egzamen yo, yo fenk li pou mwen an. Si mwen pa suiv règleman sa yo, nòt egzamen mwen an ka anile.” Anvan mwen pran egzamen an, administratè egzamen yo ap li règleman yo pou elèv yo, epi elèv yo ap fè konnen yo yo konprann règleman egzamen yo lè yo klike sou ti bwat ki nan navigatè sekirize a ki endike yo byen konprann règleman egzamen yo.
- **Diskite Kontni Egzamen an Apre Ou Fini Egzamen La**—Dènye pòsyon règleman egzamen an yo li pou elèv yo anvan yo klike sou bwat pou aksepte Règleman Egzamen yo di, akoz kontni tout evalyasyon atravè eta a sekirize, elèv yo pa dwe ni diskite ni revele detay sou kontni egzamen an (kidonk sijè egzamen yo oswa kèk pasaj) apre yo fin pran egzamen la, ki vle di nenpòt fòm kominikasyon elektwonik, tankou voye tèks mesaj, imèl, poste sou sit medya sosyal yo. Tanpri asire w elèv ou a konprann règleman sa a anvan li pran egzamen an epi raple li "diskite" kontni egzamen an sou nenpòt fòm kominikasyon elektwonik, tankou voye tèks mesaj, imèl, poste sou medya sosyal, oswa pataje sou entènèt. **Pandan elèv yo pa ka pataje enfòmasyon sou kontni egzamen sekirize a apre yo fin pran egzamen an, règleman sa a pa anpeche elèv yo diskite eksperyans yo sou egzamen yo ak paran/fanmi yo.**
- **Travay Poukont Yo**—Elèv yo responsab pou fè pwòp travay pa yo pandan egzamen an epi pou yo pwoteje repons yo pou lòt elèv pa wè yo. Si yo bare elèv yo ap triche pandan egzamen yo, egzamen elèv sa yo ap anile.
- **Kite Kanpous Lekòl La**—Si elèv ou a kite lakou lekòl la anvan li fini yon sesyon egzamen (pa egzanp, pou l al pran manje midi, oswa ale nan yon randevou), li **pap** gen dwa retounen nan sesyon egzamen sa a. Si elèv ou a pa santi li byen jou egzamen an, li ka pi bon pou li rete tann epi pran egzamen an nan yon jou ratrapaj. Tanpri sonje pa pran randevou nan jou egzamen yo.
- **Akomodasyon Pou Egzamen Yo**—Si elèv ou a gen yon “Individual Education Plan (IEP)” (Plan Edikasyon Endividyèl), yon Plan Seksyon 504, oswa yon “English Language Learner (ELL)” (Elèv k ap Aprann Lang Anglè) oswa yon elèv ki fèk soti nan pwogram ELL la, tanpri kontakte lekòl la pou diskite akomodasyon pou egzamen yo pral bay elèv ou a.

Si ou gen nenpòt kesyon ki gen rapò ak jan yo bay egzamen sa a, ou ka kontakte Elisha Cohen nan cohenel@collierschools.com

Pou plis enfòmasyon sou pwogram “Florida Statewide Assessments” (Evalyasyon Eta Florid la), tanpri vizite pòtal la nan FLFAST.org.

Mèsi dèske ou sipòte elèv ou a epi ankouraje li pou li fè tou sa li kapab pou li byen patisipe nan egzamen an.

Sensèman,



Ms. Jennifer Bledsoe